



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LAJAN NAN PÒCH OU: GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE MEZI POU DIMINYE
TARIF ASIRANS MACHIN CHÈ YO NÈT**

***Nouvo pwopozisyon yo ap konbat fwod, limite domaj yo peye bay move aktè yo
epi asire se kliyan yo, pa konpayi asirans yo, ki priyorize***

***Apiye efò Gouvènè a pou rann Eta Nouyòk pi bon mache epi tounen mete lajan
nan pòch Nouyòkè yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon seri refòm ki sanse pou diminye tarif asirans machin yo epi pran mezi kont move aktè reklamasyon ki gen fwod yo fè depans yo monte pou Nouyòkè k ap travay di nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2026. Nouvo pwopozisyon an genyen ladan l yon apwch konplè gouvènman an pou diminye fwod asirans machin lan. Pwopozisyon sa yo apiye efò Gouvènè Hochul pou rann New York pi abòdab epi tounen mete lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo.

"Tarif asirans machin yo tousepleman twò chè, espesyalman nan yon moman kote fanmi yo santi yo peze pa depans lavi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tarif asirans machin ki wo yo pa sèlman afekte chofè yo, yo enpakte tout Nouyòkè lè biznis yo pase depans ki ogmante yo sou kliyan yo. Refòm sa yo ap diminye fwod, ede depans chofè yo diminye epi tounen mete lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo."

Nouyòkè yo peye kèk nan tarif asirans machin ki pi wo nan peyi a — ki bay yon total ki depase 4,000 dola pa ane an mwayèn, prèske 1,500 dola pi wo pase mwayèn nasyonal la. Tarif asirans machin yo ap afekte pa yon konbinezon fwod, litij, fay jiridik, ak lakin nan aplikasyon lalwa, avèk fo aksidan ak fwod asirans ki asosye ki ogmante prim chak moun a 300 dola pa ane an mwayèn dapre kèk estimasyon.

Diminye Fwod pou Bese Tarif yo pou Nouyòkè yo Chak Jou

Fwod se yon gwo faktè nan prim asirans machin ki ogmante yo. Aktè sofistike k ap ogmante yo mete ansèn aksidan ki elabore, ki fèt pou pèmèt peman "Ddakpòt"nan men konpayi asirans oswa pri jiri yo. Chema sa yo mete an peril sekirite chofè ki onèt yo, lakoz domaj pwopriyete, epi ogmante tarid pou chofè atravè eta a. Fwod deplizanpli yo depase yon sèl move aktè sou volan yo e yo aranje pa konspirasyon kriminel ki òganize.

Malerezman, fwod sa yo ap vin plis repann. An 2023, te genyen 1,729 aksidan mizansèn nan Eta Nouyòk, ki klase dezyèm eta nan peyi a ki pi elve pou ensidan fwod òganize. Antou, konpayi asirans yo te rapòte 38,270 ensidan fwod asirans veyikil amotè yo sispèk bay Biwo Fwod Asirans, Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta Nouyòk la an 2023, yon ogmantasyon rekò. Dapre Enstiti Enfòmasyon Asirans lan, aksidan montaj ak fwod asirans ki asosye yo ogmante prim chak moun a 300 dola pa ane an mwayèn.

Pou konbat efò kriminèl òganize yo, Gouvènè Hochul ap pran yon apwoch konplè gouvènman an pou diminye fwod asirans machin. Gouvènè a ap ranfòse Konsèy Prevansyon Fwod Vòl Veyikil Amotè ak Asirans, k ap bay kapasite pou redouble efò li pou ankete avèk zèl epi pèsekite fwod asirans atravè eta a. Sa genyen ladan l pou bay DFS, DMV, DCJS, ak NYSP travay dirèkteman ak yon apwoch ki pi pwoaktif epi kowòdone pou aplike lalwa, ki enkli resous ki konsakre ak anplwaye nan DFS ak NYSP ki konsantre sou asirans machin, epi ki asire kowòdinasyon nan repons fòs lòd yo.

Pandan Eta a ap mennen ankèt epi monte dosye kont eskwo ak fwodè yo, Gouvènè a ap asire ajans li yo fè patenarya ak pwokirè nan tout eta yo pou asire krim yo pa rete san pini. Pou ekipe pwokirè yo ak zouti yo bezwen pou demantle rezo krim òganize yo, Gouvènè Hochul ap ofri lejislasyon pou asire pwokirè yo ka chèche sanksyon penal kont moun ki responsab pou òganize yon aksidan mizansèn, pa sèlman moun patikilye ki dèyè volan an. Eta a, k ap travay men nan men ak Pwokirè Distri yo atravè Nouyòk, Eta a ap chèche ede monte dosye ki ka mete fen nan fwod òganize k ap vòlè Nouyòkè yo atravè tarif asirans ki elve.

Gouvènè Hochul ap avanse efò siplemantè tou pou atake founisè medikal ki patisipe nan fwod yo k ap valide fo dyagnostik medikal ki lakoz gwo pèman, k ap ogmante pwobabilite pou krim an kòl blan sa yo mennen nan pèt lisans tanporè oswa pèmanan pou founisè ki komèt yo.

Ajans eta yo ap chèche pran mezi lè chofè Nouyòk yo anrejistre machin yo ilegalman nan lòt eta, ki diminye kouvèti yo atifisyèlman epi ogmante depans chofè Nouyòk ki respekte lalwa yo.

Ranfòse Pwogram Anti Fwod Konpayi Asirans yo

Konpayi asirans yo dwe jwe yon wòl santral nan konbat konpòtman fwod ki sible asire yo. Men, lejislasyon aktyèl yo limite kapasite konpayi asirans yo pou pwoteje kliyan ki respekte lalwa yo kont fwod ak abi lè li limite delè yo genyen pou idantifye, envestige, epi rapòte enstans fwod yo a sèlman 30 jou.

Pou asire yo idantifye epi pini, Gouvènè a ap ogmante delè konpayi asirans yo genyen pou rapòte fwod epi diminye baryè pou pretansyon fwod nan tribinal la, k ap bay konpayi asirans yo plis tan pou mennen envestigasyon sou reklamasyon yo epi evite peye sa ki gen fwod yo. Lejislasyon an ap ekilibre fleksibilite ki ogmante pou diminye fwod ak bezwen pou prezève pwoteksyon kliyan final yo, tankou pèmèt asire yo kolekte 2 pousan enterè sou tout pèman konpayi asirans yo kenbe kòm yon ensitasyon pou asire konpayi asirans yo kontinye bouje rapidman pou evalye reklamasyon ki otantik yo.

Limite Domaj pou Moun ki Angaje nan Konpòtman Ilegal nan Moman Aksidan an

Lè chofè yo angaje nan konpòtman ilegal nan moman aksidan an, yo pa ta dwe kapab genyen gwo pèman asirans. Men, lwa aktyèl yo otorize moun k ap komèt krim yo, ki enkli chofè ki sou enfliyans yo, resevwa gwo pèman, tankou pou doulè ak soufrans ak detrès emosyonèl, yo peye nan prim chofè ki respekte lalwa yo kontribye.

Gouvènè Hochul ap limite peman sou kalite domaj ki pa ekonomik sa yo pou chofè ki angaje nan konpòtman kriminèl nan moman aksidan an. Krim presi ki t ap garanti repatisyon domaj yo se:

- Chofè ki pa asire, ki te vyole lwa sou responsablite finansye eta a, ki kontribye nan depans siplemantè nan mache asirans lan;
- Moun ki te kondane pou konduit sou enfliyans nan moman aksidan an; ak
- Moun ki komèt yon deli (oswa ki pran lafwit) nan moman yon aksidan.

Limite Domaj pou Moun ki Gen "Pifò" Fot nan Lakoz yon Aksidan

Nouyòk nan minorite eta ki otorize chofè yo jije ki gen "pifò" fot nan yon aksidan toujou kolekte gwo domaj, ki genyen ladan yo domaj ki pa ekonomik ki mansyone anwo yo. Sa vle di nan Nouyòk, menm chofè yo te jije ki gen pifò fot pou yon aksidan ka soti ak yon gwo peman pou aksidan sa a.

Men pifò eta yo — ki enkli Colorado, Connecticut, Delaware, Massachusetts ak New Jersey — gen règleman ki sanse ki otorize rekiperasyon domaj sèlman si yon moun ki mande pa gen fot prensipal nan aksidan an. Gouvènè Hochul ap chèche chanje lwa New York yo k ap limite domaj ki pa ekonomik yon chofè ka resevwa si yo gen pifò fot nan yon aksidan, k ap entwodui yon mezi responsablite pou moun konpayi asirans lan bay konpansasyon apre yon aksidan.

Diminye Limit Blesi Grav

Lwa Nouyòk sou okenn domaj la otorize moun ki blese nan yon aksidan machin pou fè reklamasyon pou konpansasyon ki ale pi lwen pase ranbousman pou depans medikal oswa pèt salè ki asosye ak yon blesi. Konpansasyon siplemantè sa a gen objektif pou ofri sipò pou doulè ak soufrans viktim ki gen blesi grav yo. Limit "blesi grav" la gen objektif pou depiste ti blesi pa rapò ak litij blesi pèsonèl pou kenbe entansyon orijinal lwa okenn domaj la pou rezève litij yo sèlman pou aksidan machin ki lakoz domaj ki grav.

Men, definisyon legal blesi grav Nouyòk la vag, li aplike nan fason ki pa konsistan, epi li ka genyen blesi tanporè ki mete yon moun sou kote sèlman pou yon ti tan apre yon aksidan olye blesi ki enpòtan ki ta merite plis pèman. San yon definisyon blesi grav ki jis epi fè, moun ki pa gen gwo blesi yo ka eseye jwe sistèm nan pou genyen gwo prim "djakpòt" astwonomik nan tribinal ki asosye ak domaj sa yo, ki ogmante tarif pou tout lòt moun.

Gouvènè a ap refòme limit blesi grav la lè li pwopoze règ medikal ki objektif epi ki jis pou sa li kalifye kòm yon blesi grav reyèlman. Sa ap kreye kritè ki klè epi objektif pou sa

ki konstitye yon blesi grav, evite litij ki pa nesèsè ki koute chè, epi sa ap ede bloke ka kote moun yo ap eseye eksplwate yon sistèm pou tante genyen peman ki pa ale nan menm sans ak gravite blesi yo epi ogmante tarif tout lòt moun.

Asire Kliyan, Pa Konpayi Asirans yo Benefisye nan Ekonomi yo

Depi ane 1970 yo, DFS te kenbe Lwa sou Eksedan Pwofi a kòm yon pwoteksyon kliyan ki enpòtan kont konpayi asirans machin k ap fè pwofi ki depase sou aryere kliyan yo. Lwa sa a aji kòm yon "disjonktè" lè li egzije konpayi asirans yo retounen nenpòt pwofi ki depase yon sèten limit dirèkteman bay asire a. Byenke konpayi asirans yo t ap fonksyone ak pwofi nè, yo prevwa refòm nan lwa asirans machin nan jan yo pwopoze l la ta kreye ekonomi operasyon ki enpòtan pou sektè a. Pou asire ekonomi nan kad pwopozisyon Gouvènè a pase sou asire Nouyòkè yo nan fason ki apwopriye, si refòm sa yo adopte, Gouvènè Hochul ap mande DFS pou re-egzamine Lwa sou Depasman Pwofi a epi an patikilye deklanchman limit aktyèl la, ki asire yo bay kliyan yo priorite.

Ogmante Transparans pou Asire nan Mache Asirans Machin nan

Twò souvan, tarif asirans machin pou asire yo ogmante san eksplikasyon, oswa ki lye ak nenpòt chanjman nan kontak ki ka idantifye. Nan yon moman tarif ki elve, Nouyòkè yo merite konprann kilè ak poukisa prim asirans yo monte. Gouvènè a ap ogmante transparans lè li egize konpayi asirans yo avize asire yo chanjman nan tarif, eksplike chanjman ki fèt yo, epi ofri kontèks siplemantè sou demann alekri.

Ogmante Ensitasyon pou Kondwi an Sekirite

Pandan y ap siveye move aktè ak jwe ak sistèm nan, konpayi asirans yo ta dwe chèche opòtinite pou rekonpanse sila yo ki respekte règ yo epi kenbe tèt yo ak lòt moun an sekirite. Gouvènè Hochul ap chèche diminye depans asirans yo lè li mobilize chofè ak patnè yo nan efò li pou fè wout nou yo vin pi sekirize, eksplwate teknoloji pou diminye tarif asirans yo.

Gouvènè Hochul ap egzije konpayi asirans yo ofri rabè sou tarif asirans yo lè chofè yo chwazi pwogram yo demontre ki diminye ensidan aksidan ki pa sekirize epi ki chè. Dapre refòm Gouvènè a pwopoze yo, chofè Nouyòk ki chwazi pwogram ki itilize aparèy, kamera osw aplikasyon sou telefòn pòtab pou kontwole konpòtman konduit yo ap kalifye pou tarif ki pèsonalize avèk rabè, kote y ap ofri chofè yo prim ki pi ba.

Inisyativ sa a ap ede mete chofè yo pi an sekirite sou wout la pandan y ap diminye prim yo atravè konsèy la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)